# DONE REZILTA DELAWARE YO

**Rezilta twa timoun yo fè referans a konesans timoun yo bezwen, ansanm ak aksyon yo egzije pou fonksyone ak siksè nan tout paramèt yo. Pou reyisi, li enpòtan pou timoun yo gen kapasite pou antann yo ak lòt yo, swiv ansanm prensip ki tabli nan yon gwoup, kontinye aprann nouvo bagay, epi pran swen bezwen fondamantal yo nan yon mannyè ki apwopriye. Reyalize rezilta sa yo ap ede timoun yo travay byen lakay yo, nan lekòl yo, ak nan anpil paramèt atravè kominote yo.**

. Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (sa ki gen ladan l Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki ap viv ak andikap yo selon IDEA. Yo egzije Eta yo pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta yo pou timoun ki ap viv ak andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou tankou to gradyasyon, to abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan evalyasyon lekti ak matematik, ansanm avèk respè tout lwa sou edikasyon espesyalize yo

## Endikatè 7B- Rezilta nan Kòmansman Anfans pou Akizisyon ak Itilazyon

Pousantaj Konesans timoun ki gen laj 3 lane rive 5 lane ki nan IEP yo ki demontre amelyorasyon nan twa Rezilta nan kòmansman Anfans ki pral suiv la yo:

B. Akizisyon ak itilizasyon konesans ak teknik (sa ki gen ladan l langaj prekòs/kominikasyon prekòs ak analfabetizasyon prekòs);

**Mezi & Kalkil:**

**Deklarasyon Rezime 1:** Timoun preskolè sa yo ki antre nan pwogram preskolè anba laj ke yo atann yo, nan chak rezilta, pousantaj ki ogmante yon mannyè konsiderab to kwasans yo avan yo gen laj 6 lane oubyen avan yo kite pwogram nan.

Pousantaj timoun preskolè ki te amelyore fonksyonnman nan yon nivo ki pi pre kamarad ki gen menm laj ak yo men ki pa t atenn li **+** Pousantaj timoun preskolè ki te amelyore fonksyonnman pou rive nan yon nivo ki ka konpare ak kamarad ki gen menm laj yo

÷

Pousantaj timoun preskolè ki pa t amelyore **+** Pousantaj timoun preskolè ki te amelyore fonksyonnman men pa ase pou pwoche pi pre nivo fonksyonnman ki ka konpare ak kamarad ki gen menm laj ak yo **+** Pousantaj timoun preskolè ki te amelyore fonksyònman nan yon nivo ki pi pre kamarad ki gen menm laj ak yo men ki pa t atenn li **+** Pousantaj timoun preskolè ki te amelyore fonksyònman pou rive nan yon nivo ki ka konpare ak kamarad ki gen menm laj ak yo

### Done sou Rezilta Istorik 7B: Deklarasyon Rezime 1

| FFY | 2014 | 2015 | 2016 | 2017 | 2018 | 2019 | 2020 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Target | 89.00% | 90.00% | 91.10% | 92.20% | 93.40% | 93.40% | 87.04% |
| Actual Data | 87.2% | 85.6% | 87.4% | 88.1% | 88.5% | 86.84% | |